# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРТАНЫЎ ИЛИМИНИҢ АТАСЫ

**Саригул БАХАДЫРОВА**
*Филология илимлериниң докторы, профессор*
*Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен илим ғайраткери*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15290595

***Аннотatsiя:*** *Бул мақалада қарақалпақ фольклортаныў илиминиң тийкарын салыўшы Н. Дәўқараевтыңг қарақалпақ фольклорына қосқан үлкен үлеси, оның илимий жумыслары ҳәм изертлеўлери ҳаққында пикир жүритиледи. Оның илимий мийраслары қарақалпақ халқының мәдений ҳәм миллий қәдириятларын терең изертлеўде, фольклор дереклерин системалы үйрениўде зәрүрли әҳмийетке ийе. Мақалада Н. Дәўқараевтың қарақалпақ халық аўызеки дөретиўшилигине тийисли илимий жумысларының айрықшалығы, методологиялық ҳәм теориялық тийкарлары, соның менен бирге, оның баҳалы илимий шешимлери туўралы сөз етиледи.*
***Таяныш сөзлер:****Н.Дәўқараев, фольклор, эпос, дәстүр, мотив, образ, мийрас.*

***Аннотatsiя:*** *Ушбу мақолада қарақалпоқ фольклоршунослик илмининг асосчиси Н. Даукараевнинг қорақалпоқ фольклорига қўшган катта ҳиссаси, унинг илмий ишлари ва тадқиқотлари ҳақида фикр юритилади. Унинг илмий мероси қорақалпоқ халқининг маданий, адабий ва миллий қадриятларини чуқур тадқиқ этишда, фольклор манбаларини тизимли ўрганишда муҳим аҳамият касб этган. Мақолада Н. Даукараевнинг қорақалпоқ халқ оғзаки ижодига оид илмий ишларининг ўзига хослиги, методологик жиҳатлари ва назарий асослари, шунингдек, унинг ўзига хос шахсий илмий йўналишлари кенг ёритиб берилган.*
***Калит сўзлар:****Н.Даукараев, фольклор, эпос, анъана, мотив, образ, мерос.*

***Abstract:*** *This article discusses the significant contributions of N. Daukaraev, the founder of Karakalpak folklore studies, to the study of Karakalpak folklore, as well as his scientific works and research. His scholarly legacy has played a crucial role in the in-depth study of the cultural, literary, and national values of the Karakalpak people and the systematic exploration of folklore sources. The article highlights the uniqueness, methodological aspects, and theoretical foundations of N. Daukaraev's scientific work on the oral traditions of the Karakalpak people, as well as his distinctive personal scholarly directions.*
***Keywords****:N.Daukaraev, folklore, epic, tradition, motif, imagery, heritage.*

Тарийхы, әдебияты, еле хат бетине дурыслап түспей-ақ қарақалпақ халқы XX әсирге келди. XX әсирдиң 40-жылларына келгенде қарақалпақтың әжайып тарийхына, әдебиятына, фольклорына ийе халық екенлигин дәлиллеп жазған талантлы перзенти Нәжим Дәўқараев илимниң кең дүньясына өз жолы менен келди.

Н.Дәўқараев - қарақалпақ фольклорын, әдебиятын илим дәрежесине көтерип, ол бойынша фундаментал изертлеў жумысын жүргизген, бизиң

филология илиминиң тырнағын салған илимпаз. Биз бул мақалада оның фольклор изертлеў тараўындағы мийнети жөнинде сөз етемиз.

Н.Дәўқараевтың изертлеў жумысының ең баслы өзгешелиги қарақалпақ фольклоры тарийхын жазыўды халықтың тарийхын жазыў менен байланыстырды. Оның айырым оппонентлери жумысын оқып көрип бул "тарийхпа ямаса әдебиятпа, түсиниксиз" деп өзлериниң шала саўат көзи менен Н.Дәўқараевтың тамыры тереңге кеткен илимий анализлерин түсинбеди. Фольклор тарийхын ол халық тарийхынан, хәр бир жаңалықты сол заманның тарийхый-сиясий, экономикалық жағдайы менен бирге алып изертледи. Бул дәўирде еле қарақалпақ халқының тарийхы жазылмаған дәўири еди. Фольклор тарийхы бул халықтың көркем ойының тарийхы. Ал, фольклордағы хәр бир шығарманың туўылыўы халықтың жәмийетлик-сиясий турмысы менен байланыслы. Буны кең эрудиция, билимге ийе илимпаз терең түсинген, ол хәр бир шығарманың дүньяға келиўин халықтың жәмийетлик турмысы менен байланыстырып ашып берди.

Ол биринши болып Россия патшасының XVI әсирден баслап Қазань, Астрахань ханлығын сапластырғаннан баслап Волга-Каспий, Әмиўдәрья арқалы Орта Азия, Индия, Қытайға суў-қыр жолын излеген сиясатының мазмунын түсиндирип береди. Ол Гладышев, Муравинлердиң Сырдарья бойындағы қарақалпақлар жөнинде фольклорлық-этнографиялық материалларды жыйнағанынан мағлыўмат берди. П.Рычковтың, қарақалпақ тарийхы, фольклоры жөнинде материал жыйнағанын, Н.Муравьевтың қарақалпақ этнографиясына тийисли материалларды жыйнағанын, қазақ халқының илимпазы Ч.Уалихановтың қарақалпақ фольклорына берген жоқары баҳасын бизге таныстырды. Усы тарийхый мағлыўматлар бүгинги күнге шекем Н.Дәўқараевтың жыйнаған, излеп тапқан мағлыўматларына сүйенип қаншама илимий жумыслар жазылды!

Ол қарақалпақлардың тарийхына, мәдениятына тийисли илимде бар материалды алтынның қыйқымын излегендей етип изледи, оны мысқыллап тапты, сөйтип бизиң бай мәдениятымызды дәлийллеп, илимде үлкен сарай салып берип кетти. Биз сол сарайда рәхәтленип жасап киятырған сыяқлымыз.

Нәжим Дәўқараевтың мийнетлериниң бизиң ушын қуны неде? деген сораў туўады. Ол қарақалпақ халқының әййемнен сағасын алған бай мәдениятына ийе халық екенлигин илимий жақтан дәлийллеп берген илимпаз.

Н.Дәўқараев қарақалпақ халқының бай аўыз әдебиятын толық түрде изертлеген, оның миллий өзгешелиги, жанрлары, атқарыўшылары жөнинде дурыс, ҳәр тәреплеме терең илимий баҳа берген илимпаз. Н.Дәўқараевтың илимий мийнетлери өз халқына деген терең сүйиўшиликке толы патриотлық сезим менен жазылған еди. Оның илимий изертлеўлери өз халқын мақтаныш етип жырлаған поэзия сыяқлы. Көркем шығармада ғана емес илимий мийнетте де сезим, образ, тәсирдиң күшли берилиўин көресең.

Н.Дәўқараев қарақақалпақ фольклорының, тарийхый дерегин, тамырын, илимий көзқараста ашқан илимпаз. Ол бизге илимге ҳадал, мийнет пенен араласыўды және ҳәр бир нәрсениң тарийхый тамырын ашыўды үйретти.

Ол қарақалпақ халқын "кең тараўлы оғада бай аўыз әдебиятына ийе, қарақалпақ аўыз әдебиятының еле қаймағы бузылған жоқ… усы кең тараўлы, оғада бай, мазмуны терең, халықтың идеаллары менен толы аўыз әдебиятының түрлери, даналықтың, шеберликтиң, дөретиўшиликтиң батырлықтың ҳайран қалғандай үлгилерин береди" деп жоқары баҳа береди. Және не ушын қарақалпақларда аўыз әдебиятының бай раўажланыўы себебин түсиндиреди. Бириншиден, қарақалпақлардың қайғылы күнин, ўақты хошлығы, қапашылығын, ашлық пенен тынышлығын, қосықсыз, сөз өнерисиз өткизбеўин атап көрсетти. Ол Ч.Уалихановтың "қарақалпақлар саҳра бүлбүллери", дүньяны гезген қосық тек қарақалпақларда қонып, қонақ болған деген сөзлерин үлкен мақтаныш пенен келтирип өз пикирин тастыйықлайды. Екиншиден, "қарақалпақлардың баспа сөзге ийе болмаған ерте заманлардан баслап өзиниң барлық тарийхый жасаў өмиринде жәмийетлик-сиясий турмысына көзқарасы тек аўыз әдебиятында қалдырыўы. Үшиншиден, қарақалпақлар узақ әсирлер даўамында аўыр, қайғылы тарийхый-сиясий ўақыялар, бир неше мәртебе қоныс өзгертиў, көшиў себебинен мәдений, материаллық естеликлериниң жоғалыўына алып келгенлигин, соған қарамастан әййемги заманлардан баслап бүгинги күнге шекем даўам етип киятырған есап-сансыз халық көркем өнерин - намаларды, зергерлик нағысларды, әсиресе оғада баҳалы көркем сөз ғәзийнеси - аўыз әдебиятын қалдырды" деп қарақалпақ аўыз әдебиятына жоқары баҳа береди. Бул қарақалпақлардың тарийхтың түрли соққысында жүрседе аўызеки халық әдебиятының айрықша байлығын биринши болып көрген илимпаздың пикири еди. Н.Дәўқараев бул пикирди айтқан ўақытта бизге 40 аслам дәстанлар жазып алынған еди. Ал, соңынан 100ге жақын атамадағы дәстанлар жазып алынды. "Егерде биз усы кең тараўлы, оғада бай, мазмуны терең, халықтың

идеаллары менен толы аўыз әдебиятының түрлерин көзден өткерип қарасақ, даналықтың, шеберликтиң, дөретиўшиликтиң, батырлықтың ҳайран қалғандай тамаша үлгилерин көрсетиўимизге болады. Аўыз әдебиятының бунындай бай ҳәм кең тараўлы түрлерин тек көп жасаған, көп ғана тарийхый-сиясий ҳәдийселер менен толы, узақ әсирлерди басынан өткерген халық ғана дөрете алыўы мүмкин” дейди. Ол ҳақ еди. Ол өз халқының фольклорының мазмунының толықлығы адамзаттың жоқары идеялары менен суўғарылғанлығын, фольклордың барлық жанрын дөретиўи, және оның классик дәстүрдеги атқарыўшыларды бериўин ол дурыс көре алды. Ол бул пикирди айтқанда В.М.Жирмунскийдиң қарақалпақ халық дәстаны “Едиге” жөнинде айтқан дәстанның мазмунының толық ең классик түри қарақалпақларда деген, және дәстан атқарыўшыларының да классик түри қарақалпақларда деген пикир менен таныс емес еди. Бирақ, еки уллы илимпаз бир-биринен бөлек бир пикир қарақалпақ халқының дәстанында, оны атқарыўшысында толық түрин сақлап келгенлиги жөнинде бир пикирге келеди. Бул Н.Дәўқараевтың қарақалпақ фольклоры жөниндеги пикириниң қаншелли дәрежеде ҳақыйқый дурыслығын көрсетеди. (Бай фольклорға тийкарланып ол буны тек көп жасаған, узақ әсирлерди жүрип өткен халық дөрете алады деп қарақалпақлардың ески халықлардың бириниң қатарына киргизеди).

Н.Дәўқараев қарақалпақ халқының бай аўыз әдебиятына түри, жанры, мазмуны жағынан терең илимий анализ берип бирден бир дурыс классификатsiясын берди. Ол фольклордың мазмуны, атқарылыўы, жасаўы жағдайын есапқа алып әпиўайы ғана лирикалық, эпикалық деп еки жанрға бөледи. Лирикалық жанрының өзин қосықлар, салт әдебияты, аталар сөзи деп бөледи. Халық қосықларына жайдары қосықлары, айтыс, жуўап, бәйит, балалар қосықлары, жумбақ, бәдик деп бөлип қарайды.

Н.Дәўқараевтың бул классификатsiясының ҳәр бир түри өз алдына изертлеўди талап ететуғын, бүгинги күнде түркий халықлар фольклористикасында жаңа қолға алынып атырған проблемалар. “Жайдары қосық” терминин Н.Дәўқараев биринши рет пайдаланады, және оған қандай қосықлардың киретуғынын анықлайды. Бул әпиўайы, турмыстың барлық тараўын өз ишине алатуғын көпшилик тәрепинен атқарылатуғын қосықлар. Биз бүгинги күнге шекем кеўил бөлмей киятырған қарақалпақ бәйитлери жөнинде тоқтаған, халық аўызында ХХ әсирдиң басында күшли раўажланған бул жанрдың түрин, мазмунын түсиндирген Н.Дәўқараев болды. Бул жанрдың

негизги сыпатын ол қала турмысында жасаўшы халықта отырыспа, зыяпатларда айтылатуғын халық қосықлары деп көрсетеди. Бәйит башкурт, татар, фольклорында кең раўажланған жанр. Усы жанрдың бизде де болғанын анықлап, оны түсиндирип берген Н.Дәўқараев болды. Ол қарақалпақ фольклорында өз алдына ата-бабамыздың турмыс тәжирийбесинен алып бизге нәсият етип айтып кеткен сөзин "Аталар сөзи" деп қарайды. Н.Дәўқараевтан соң бул терминди не ушын аталар сөзи деп атаў себебине кеўил бөлген илимпаз болмады. "Аталар сөзи" термини азербайжан, турк, гагауз, хакас, т.б. фольклористикасында қабыл етилген. "Аталар сөзи" деп оған Н.Дәўқараев нақыл-мақал, пәтия, толғаўды киргизеди. Ҳақыйқатында да бул жанрлар мазмуны, мақсети бойынша ата-бабамыздың өзиниң турмысынан алып, келешек жасларға таслап кеткен ақылы, ҳақыйқат аталар сөзи.

Н.Дәўқараев жан күйдирип қарақалпақ халық дәстанларын жазып алыныўына араласты, және изертлениўинде ол бул илим тараўының негизин салыўшы болды. 40-жыллары ол әсиресе, "(Қырық қыз" дәстанын Қурбанбай жыраўдан жазып алыныўын шөлкемлестирди. Ол "Қырық қыз" дәстаны жөнинде туңғыш рет терең илимий изертлеў жумысын жүргизди. Ол дәстанның көлеми бойынша батырлық жырлар арасында биринши орында туратуғынын, дәстанның дөрелиўи, бизге жетиў өзгешелигин изертледи.

Ол "Қырық қыз" дәстанының сюжети әййемги массагетлердиң ҳаял патша әскер басшылары болған Тумарис, Зарийналардың ерлиги қарақалпақ руўларынан уран болған батыр ҳаяллар Ақшолпан, Арыўханды, қарақалпақ дәстанларындағы батыр ҳаяллар Айпарша, Сарыша айым (Орамамбет бий толғаўы) атларын келтирип, дәстан әййемги матриархат дәўириниң ушқыны екенин және дәстанның пайда болыўында жасаўында қарақалпақ фольклорындағы батыр ҳаял мотивиниң кең түрде жасаўына себепши болғанлығын көрсетеди. Бунда дәстанның негизги нусқасы оғада ерте заманларда жарыққа шыққан, греклердиң ертедеги мифологиясында гезлесетуғын жаўынгер қызлар-амазонкалар менен ушласады, деп көрсетеди. "Әлбетте, аўыз әдебиятының нусқасы болғанлықтан "Қырық қыз" поэмасының бизиң заманымызға түрли тарийхый жағдайларда атадан балаға аўызеки түрде ядлаў жолы менен өтип, көп өзгерислерге ушырап қайта исленген жаңа варианты жеткен" деген Н.Дәўқараевтың пикири "Қырық қыз" дәстаны ушын бирден бир дурыс пикир. "Қырық қыз" дәстанының ең дәслепки сюжети бизиң эрамыздан бурынғы III-IV әсирлерде жасаған батыр қызлардың ерлиги

жөниндеги халық жыры екен. Неше жүз жыллар даўамында бул жырдың мотиви XVIII әсирге келгенде Жийен жыраў тәрепинен қайта жырланған. Әййемги грек тарийхшылары Геродот, Диодора, Страбон, Ктесийлар әййемги Окстың (Әмиўдәрья) Арал теңизине қуяр жеринде жасаўшы массагетлердиң патшалары, әскер басшылары ҳаяллардан екенин олар ҳаққында жырланатуғын поэмалар барлығын, сол поэмалардың сюжетиниң қысқаша мазмунын жазып кетеди. Бул "Қырық қыз" дәстанының әййемги нусқасы еди.

Усы батыр қызлар жөниндеги халық әпсаналарды қарақалпақлар "ҳаял патша ҳаққында ертек", "Мәспатша", "Жаз келен" "Қырық қыз" дәстанлары түринде бизге жеткизди. Дәстанның Жийен жыраў репертуарына киргеннен кейин ол қайта туўылыуы заңлы. Ҳәр бир дәстан талантлы жыраўлардың репертуарында ол жаңарады, талантлы жыраў өз дәўири ушын хызмет еттиреди, оған сол жәмийетлик-сиясий, тарийхый жағдайдың мазмунын енгизеди. Жийен жыраў репертуарынан соң оған XVIII әсирдеги Надиршаның аты оған шекемги патша атлары орнына өзгертиледи, т.б. Жыраў адам атларын өзи жасап турған заманға, ямаса өзин тыңлап отырған адамларға таныс ўақыяларға өзгертиўи тәбийғый.

Н.Дәўқараев "Қырық қыз" поэмасының турақлы вариантын Жийен жыраў қайта ислеп шыққан деген пикирди, және оның Жиемурат жыраўға қол жазба түринде жеткенлигин информаторлардың бул дәстанның қол жазбасының бар болғанлығын келтиреди, бирақ ол "Қырық қыз" дәстаны авторы Жийен жыраў, ол жазба әдебияттың мүлки деген пикирди тастыйықламайды. Бизге жеткен вариантын ислеп шыққан Жийен жыраў екенлигин ғана айтады.

Дәстанлардың жазба нусқасының болыўы ямаса халық арасына жазба түрде таралыўы жазба әдебиятының мүлки болыўынан дерек бере алмайды. Мысалы, "Ғәрип ашық" дәстанының жазба нусқасын – жазба әдебият деп айтпаймыз. Буған қосымша информаторлардың  айтыўы бойынша Жийен жыраўдың барлық шығармалары жазба нусқасы болған, ол Туркистаннан қарақалпақлар көшкенде сол қол жазбасын өзи менен алып келген деген сөзди айтады. Буған қосымша қарақалпақлар арасында жазба түрде мийрасты сақлаў, хат таныў, саўатлылық халық мийрасын жазып тарқатыў күшли болған.

Н.Дәўқараев қарақалпақ фольклорының жанрлары менен бирге оны атқарыўшыларын  классификatsiя етеди. Ол аўыз әдебиятын айтыўшыларды тайын шығармасы ядлап айтыўшы, шығармаға қосып дүзетип атқарған шеберлерден турады дейди. Және атқарыўшылық шеберлигине қарап талантлы

айтыўшы, олар шәкирт таярлайды, устаз болады. Шәкирт таярлаўда өз мектебин пайда еткен устаз айтыўшылардан болады. Қарақалпақ аўыз әдебиятын тийкарғы дөретиўши адамлардың бир типин шайыр деп көрсетеди. Қарақалпақ шайыры шығарманы жазыў жолы менен де айтыў жолы менен шығарған деп шығарманы аўызеки дөретиўши ақпа, төкпе шайырларға өз алдына тоқтайды. Бундай шайырдың атлары Тыным қатын, Кулымбет, Атамурат, Қыдырнияз, Есенгелди сыяқлы шайырлардың атын келтиреди. Қарақалпақ шайыры халық поэзиясының дөретиўшиси, өз поэзиясынында, халық поэзиясында атқарыўшы, соның менен бирге халық намаларында атқарыўшы бул шайырдың үлкен бир типи. Шайыр сөзине берген баҳасы буның менен шекленбейди, ол қарақалпақларда жазба поэзиясындағы шайырлар типине өз алдына тоқтайды. Күнхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш, Омар шығармасын "аўызеки түрде, және жазба түрде шығарған олар көпшилик жыйналған жерде намаға салып айтып та, оқып та беретуғын болған" дейди. Демек, шайырдың қарақалпақлардағы ең негизги типине усы қосығын жазып, айтыў намада атқарыў, және оқыў типи характерли екенлигин көрсетеди. Бир шайырдың бойында төрт өнердиң жайласыўына кеўил бөледи.

Шайырдың қарақалпақша типин қазақ, қырғызлардың ақыны менен қатар қойыуға болмайды, қарақалпақларда таза түрде аўыз еки дөретиўши Жамбыл сыяқлы ақынның типи қәлиплеспегенлигин, қарақалпақ шайырларының бәринеде жазба дөретиў тән екенлигин көрсетеди. Ол фольклорды атқарыўшылар, сақлаўшылар, дөретиўшилер, таратыўшылар деп олардың ҳәр бирине үлкен мәни менен қарайды. Дәстан атқарыўшылар жыраў, бақсы, қыссахан, дәстаннан үзинди атқарыўшыларды қосықшылар, шайырлар, аўыз әдебиятының ертекти атқарыўшыларды ертекши, жуўап айтыўшылар, жууабий, күлкили сөз атқарыўшыларды лаққы, деп бөледи.

Қарақалпақ дәстаны қобыз, дуўтар, домбыра менен атқарылады ал атақлы бақсылардың гиржекши, баламаншы, дәпши, найшы менен дәстан атқарыўын көрсетеди. Бақсылардың репертуарында ашықлық дәстанлар менен бирге халық қосықларының болыўын көрсетеди. Қарақалпақ фольклорын атқарыўда қобыз, дуўтар, домбыра, най, баламан, сыбызғы, шынқобыз, сырнай сыяқлы музыка әсбапларын пайдаланатуғынын, фольклордың барлық музыкасы саз, нама деп атаўын көрсетеди. Лирикалық майда халық қосықларын атқарыўшыларды қосықшы деп, оның қасында саз шертпей қосылып атқарыўшыларды жанапайшы деп бөледи. Халықтың арасында сөздиң магиялық күшине исенип

арўақ шақырыўшы шаманларды порқанлар деп оларға да тоқтайды. (Н.Дәўқараев фольклордың атқарыўшылары менен оның жанрын неге бирге алып қарайды, биз бүгинге шекем усыған кеўил бөлмей киятырмыз. Мысалы, жыраў қобызы болмаса, қобызда даўысын қырып, тамақтан қырылдап атқармаса жыраў емес. Дәстанның мазмунын емес, оның қалай атқарылыўын бирге алып изертлеўдиң кереклигин устаз көрсетип кеткен жол. Биз усы жолға кеўил бөлиўимиз керек).

Н.Дәўқараев қарақалпақ аўыз әдебиятының атқарыўшылардың ең ири ўәкили бақсы, жыраўлар жөнинде жыраў-батырлық жырларды атқарыўшы, бақсы-ашықлық дәстанларды атқарыўшы, жыраў - қобыз бенен, бақсы- дуўтар менен атқарады деп олардың ең баслы өзгешелигине тоқтайды. Ол қарақалпақ жыраў бақсыларының халық өнеринен билим бериўши, кадр таярлаўшы жоқары оқыў орны сыяқлы үлкен мектеп болғанлығын көрсетеди. Қарақалпақ жыраўлары үлкен еки мектепте тәрбияланғанлығы Жийен жыраў мектеби - бул Сырдәрья бойында қарақалпақлар бөлинбей отырған дәўиринде, "төменги", "жоқарғы" болып бөлиниў дәўиринде қәлиплескенин көрсетеди. Бул мектептен Айтуўар, Қабыл, Қалмурат, Жиемурат, Қурбанбай жыраў шыққанын олардың репертуарында "Қурбанбай", "Ер Қосай", "Ер Сайын", "Жаз келен", "Алпамыс", "Қырық қыз", "Ҳажыгерей", "Ер Зийуар", "Жанадил", "Илимхан" дәстанлары болғанлығын көрсетеди. Екинши Соппаслы Сыпыра жыраў мектеби бул мектептиң негизи қарақалпақлар Алтын орданың қурамында жасаған дәўиринде қәлиплескен, соңынан бул мектептиң жыраўлары төменги қарақалпақлар арасында болғанлығын көрсетеди. Бул мектептен Соппаслы, Жийен, Турымбет, Байнияз, Нурабулла, Есемурат, Ерполат, Өгиз, Қыяс жыраўлары шыққаны, олардың репертуарында "Едиге", "Қоблан", "Мәспатша", "Шора", "Ер Сайын", "Шәрияр" сыяқлы дәстанлардың болғанлығын көрсетеди. Қарақалпақлар жыраўлардың шәкирт таярлаў усылына жыраўды айттырыў, айтыў аудиториясына, жыраўды айттырыўға жыраўдың қандай жерде айтыўына айрықша кеўил бөледи. Қарақалпақ жыраўы қәлеген жерде айтпаўын оны айттырыў үлкен таярлық рекламалар, тыңлаўшыларды, оның айтатуғын еркин, репертуарын таңлаў т.б. усындай үлкен таярлық пенен өтетуғынын көрсетеди. Ол көшпели турмыста жасаған халықтың өз театры, ол театрды қойыўдың өзинше заңы болғанлығын көрсетеди. Сондай-ақ Н.Дәўқараев жыраўдың шәкирт таярлаў усылына илимий көзқарастан қараған илимпаз. Ол шәкирттиң пәтия алғанға шекемги барлық басқышына кеўил бөледи.

Н.Дәўқараев қарақалпақ жыраўы қобызда, жыраўдың өз намасы менен атқарыўын, бул намалардың ески заманнан бизге жетиуин көрсетип келип, жыраўлар домбырада да айтқан, бирақ ол бизиң заманымызға жетпеген деген пикир айтады. Оның бул пикиринде үлкен шыңлық бар. Қарақалпақ жыраўлары менен бақсылар ортасындағы байланысқа жол салады. Қарақалпақларда бақсы, жыраўы өз кәсибиниң маманлары профессионаллар, олар өз кәсиби менен күн көрген, басқа кәсипке араласпайтуғын адамлар. Ал, айырым жағдайда, жыраўлар, бақсылар репертуарындағы шығармаларды да айтатуғын болған. Буған мысал, Карам жыраў репертуарында "Ғәрип ашық" дәстаны болған.

Н.Дәўқараев биз ҳәзир барлығын дәстан деп атап жүрген түсиникке ол басқаша қараған еди. Ол поэма деп "көлемли мазмуны терең, ири салалы ҳәдийселерди көрсететуғын көркем эпослық шығармаларды айтамыз" деп келип "Эпослық поэма" деп фольклордағы көлемли, көп сюжетке бириккен эпосларды көзде тутады. Усы эпослық поэмаларды ол батырлық, ашықлық, лирикалық аралас түрлери бар деп, қарақалпақ эпослық поэмаларын батырлық жырлар, ҳәм дәстанлар деп екиге бөледи. Батырлық жырларында "Алпамыс", "Қоблан", "Қырық қыз" эпосларын көрсетеди. Қарақалпақ батырлық жырының миллий өзгешеликлерине тоқтайды. Қарақалпақ батырлық жырының миллий өзгешелиги, оның өзбек, қазақ, түркмен батырлық жырларынан өзгешелиги жөнинде кең түрде илимий тыянақлы пикирди берген. Оның батырлық жыр дегенин биз соңғы ўақытта "қаҳарманлық дәстан" термини менен алмастырғанбыз. Негизинде мазмуны бойынша қаҳарманлық дәстаннан гөре "батырлық жыр" термини туўры келеди. "Қаҳарманлық"-бул ерлик, қаҳарман-шығарманың қаҳарманы, (бул русша "героические эпосы" деген сөздиң сөзбе-сөз аўдармасы). Оның батырлық жырды дәстанға киргизбеўинде де үлкен шынлық бар, ол ҳақыйқатында да бул жыраў жырлайтуғын батырлар жыры, буған жырлаў характерли, дәстан емес. Бул жерде уллы устаздың бул терминниң мазмунына күтә терең қарағанын биз усыған айналып келиўимиз кереклигин ескертемиз. Н.Дәўқараев "дәстан деп дуўтар менен тек бақсылар айтатуғын ямаса қыссаханлар оқыйтуғын көлемли эпослық көркем шығармаларды түсинемиз" деп оның батырлық жырдан баслы өзгешеликлерин көрсетеди. "Батырлық жырдың қаҳарманлары қаҳарманлық ислери арқалы жәмийетлик шынлықты сүуретлейди, романтикалық, фантастика шамадан тыс қолланылмайды, халықлық мәпти жырлаў жәмийетлик, тарийхый ҳәдийселер тийкарында пайда болса, дәстанларда қыялый фантастика, идеализатsiялаў,

қаҳарманның жеке басындағы ўақыялар "қыялый субьективлик фантастика", диний мотив ашықлық жолындағы қыйыншылықлар, ертеклердиң тийкарында сөз етиледи деп фольклордағы ири жанрдың бир-бирине усамаған баслы өзгешелигин көрсетеди.

Ол дәстанларды бақсылар жырлаўын, оны басқа музыкалық инструментте дуўтарда атқарылыўына, оның намаларына тоқтайды.

Ол қарақалпақ бақсыларының айтыў техникасы, репертуарына қарап екиге бөледи, оны "мектеп" деп қарамайды. Мууса бақсы ҳәм оның шәкиртлери Есжан, Жуман, Қаражан, Патилла, Аймурза, Кәлбала, Сапар, Тыныбай, т.б.

Екиншиси Сүйеу бақсы ҳәм оның шәкиртлери Жапақ, Бала бақсы, Жаңабай, т.б. Сүйеу бақсыда Хорезм өзбеклериниң тәсийри күшли болғанлығын атап көрсетеди. Қарақалпақ бақсыларының репертуарларындағы дәстанларды ол үшке бөлип қарайды.

Ислам динине байланыслы дәстанлар: "Баба Рәушан", "Зейнел араб", "Баба Камбар", "Юсуп Зылийха". Елди сыртқы жаўдан қорғаў жөниндеги дәстанлар: "Юсуп-Ахмед", "Гөруғлы", оның "Ауезхан", "Қырмандәли", "Хасанхан", "Бәзирген", "Кемпир", шақаплары - ашықлық мотивине қурылған дәстанлар. "Ашық Хамире", "Хурлиқа", "Саятхан-Хамире", "Шийрин шакар", "Ғәрип ашық", т.б. көрсетеди. Н.Дәўқараев дәстанларды усылай классификatsія еткенде оны жан-жақлама өзгешелиги, мазмуны, идеясы, сюжетлик мотиви, атқарылыўы, оның халық тәрепинен тыңланылыўы, бәри есапқа алынған.

Нәжим Дәўқараев қарақалпақ фольклортаныў илиминиң негизин салыўшы атасы. Ол аз ғана өмириниң ишинде қарақалпақ халқының барлық тарийхый аўыз әдебиятының тарийхын, жанрлық классификatsіясын, теориялық анықламасын фундаментал түрде келешек әуладқа ислеп берип кетти. Оның қарақалпақ фольклоры бойынша ҳәр бир пикирин өзгертиў қыйын, оны тек даўам етип изертлеў керек. Оның мийнетлери илимниң терең сырын ашып берди.

Н.Дәўқараев қарақалпақ халқының айрықша туўылған патриот улы, жақты жулдызы. Ол қарақалпақ фольклортаныў илимин негизин салыўшы. Ол қарақалпақ фольклорын мақалалар менен изертленген жағдайында қолға алды, көркем сөз өнериниң пайда болыўынан XX әсирдиң ортасына шекемги қарақалпақ фольклорының тарийхын, теориясын фундаментал түрде ислеп берди. Оның жанрлық классификatsіясы, теориялық анықламалары, анализи, пикири илимниң терең сырын ашады. Оны түсиниў ушын устаз сыяқлы

илимниң сырын ашып билиў керек, оның ийелеген билимин ийелеу керек.Ол фольклортаныў илиминде айдын жол салып берип кетти, биз ол жолды даўам етиўимиз ушын бизден ол жол тереӊ билимди жоқары эрудицияны және өз халқын сүйген ҳақыйқый патриот болыўды талап етеди. Оның мийнетлери қарақалпақ фольклор изертлеў илимин бүгинги жетискенлигине ерисиўин, фольклордың жанрлық жақтан изертлениўине, (дәстанлардың, ертек, халық қосықлары, нақыл-мақал, жумбақ айтыслардың изертлениўине) бағдар берди.

Бүгинги күнде қарақалпақ фольклоры дүнья илимине араласқан илим тараўы болып отыр. Бизиң ҳәр бир жетискенлигимизде уллы устаздың тәрбиясы, мийнети бар. Биз Н.Дәўқараев мийнетлерисиз бул бийикке, көтериле алмас едик.  Биз "Қырық қыз" дәстанына арнап халықаралық илимий конференциясын өткизгенде уллы устаздың бул дәстанның тек ғана қарақалпақларда бар миллий дәстаны деген пикирине сүйендик. Биз уллы устаздың нәсиятын иске асырып түркий халықлардың ишинде биринши болып "Едиге" дәстанына арнап халықаралық конференция өткиздик. Бирақ, бизиң алдымызда устаз айтып кеткен қаншама ўазыйпалар бар.